

# Enfòmasyon ki Enpòtan pou Paran Jèn Timoun ki Gen Reta nan Kominikasyon Sosyal



*Nou te idantifye ptit ou kòm yon timoun ki gen reta nan ladrès pou kominikasyon sosyal. Paske premye siy twoub espèk otis (autism spectrum disorder, ASD) se reta nan ladrès pou kominikasyon sosyal, li enpòtan pou konnen ptit ou arisk pou gen ASD. Enfòmasyon ki anba la yo ka itil ou pou konprann plis bagay sou pwoblèm kominikasyon sosyal sou jèn timoun.*

## Kisa premye ladrès yo nan kominikasyon sosyal ye?

Anjeneral, fanmi yo espere ptit yo ap kòmanse pale apeprè nan premye anivèsè nesans yo, men yo pa konnen ladrès nan kominikasyon sosyal ki devlope anvan epi ansanm avèk mo yo. Ladrès nan kominikasyon sosyal se zouti nou bezwen pou entè-aji avèk lòt moun. Anvan timoun yo aprann pale, yo utilize rega fiks, ekspresyon figi, son, ak jès—tankou bay, montre, lonje men, leve men, ak lonje dwèt—nan entè-aksyon sosyal yo. Premye ladrès sa yo nan kominikasyon sosyal devlopman anvan pandan entè-aksyon yo avèk moun k ap bay swen. Timoun yo gade devan-dèyè ant yon paran ak yon objè yo enterese ladan. Yo swiv rega yon paran oswa yo lonje dwèt yo pou atire atansyon nan yon bagay ki nan sal la. Timoun yo gade, lonje dwèt epi eksprime pou montre paran yo yon bagay yo wè oswa vle. Pa egzanp, lè soufle ti boul avèk



pitit ou, pitit ou ka bat men li paske li eksite, li ka lonje dwèt li oswa lonje men li pou ti boul yo oswa pou bagèt la, li ka gade ou, epi li ka souri pou pataje plezi a nan aktivite a, li ka rele, epi li ka di “buhbuh”, oswa li ka mande “plis.” Lè timoun yo ap aprann pale, yo utilize ladrès nan kominikasyon sosyal nan konvèrsasyon lè yo vini avèk nouvo bagay ki enterese yo ak lè yo swiv sijè lòt yo. Ladrès nan kominikasyon sosyal enpòtan pou aprann fason pou entè-aji avèk kamarad yo, ak fason pou fè zanmi.

## Pou kisa entèvansyon bonè enpòtan?

Nou konnen nan dènye rechèch yo fè, kèk nan aprantisaj ki pi enpòtan fêt pandan premye twazan yo nan lavi yon timoun. Sèvo ak sistèm nèye yon tibebe pa gen matirite nèt. Trajekta ki nan sèvo a devlope lè tibebe yo ak jèn timoun yo aprann nan analiz avèk moun ak nan objè ki nan anviwònman an. Fil selil nè a pi rapid pandan peryòd enpòtan 3 ane yo. Lè timoun nan gen laj 3 zan, pifò nan estrikti sèvo a gen matirite, epi pita li vin pi difisil pou fè chanjman enpòtan nan sèvo ak sistèm nèye yon timoun. Yon anviwònman aprantisaj ankourajan pandan 3 premye ane yo enpòtan anpil pou kore rezulta pozitif.





*"Entèvansyon bonè se te premye bagay nou te kapab bay ptit gason nou pou asire li gen yon avni sèten. Nou te fè yon eksperyans ki pozitif anpil epi ptit gason nou te fè amelyorasyon enkwayab nan chak aspè lavi li."*

*Heather and Brian, paran yon timoun ki gen laj 2 1/2 ane*

### **Èske mwen ta dwe konsène?**

Defisi nan ladrès nan komunikasyon sosyal ka se premye siy oswa "avètisman" ASD, epi poutèt sa, yo ta dwe evalye timoun ki gen reta nan komunikasyon pou ASD. Se pa tout timoun ki gen reta nan ladrès nan komunikasyon sosyal doktè ap dekoutri ki gen ASD. Ni se pa tout timoun k ap bezwen entèvansyon k ap kontinye. Men, rechèch yo fè montre pwofesyonèl ki gen eksperyans kapab fè dyagnostik fyab ASD lè timoun nan gen laj 18 a 24 mwa, epi pifò fanmi yo jwenn entèvansyon bonè itil pou pitit yo ak tèt yo. ASD rele yon twoub espèk akòz varyabilite nan konpòtman timoun yo avèk dyagnostik la. Kèk timoun repeète kèk mo langaj nan video oswa televizyon, lòt timoun yo ajite oswa an kòlè pou jwenn sa yo vle a, epi lòt yo ka jwe pandan peryòd tan long poukont yo. Ant 2 ak 3 ane, timoun yo ka kòmanse montre konpòtman pi repetitif ki asosye avèk ASD tankou alien jwèt, louvri ak fèmen pòt nan oto jwèt, oswa mannyè repetitif tankou frape men. ASD afekte developman apre yon peryòd tan, epi entèvansyon bonè enpòtan pou siksè yo. San entèvansyon bonè ti reta nan komunikasyon sosyal sou jèn timoun kapab lakòz gwo chanjman ak pwoblèm aprantisaj lè timoun nan gen laj pou ale lekòl.

Timoun ki gen ASD ka pa reponn nan fason nòmal nan anviwonman yo oswa yo ka pa reponn moun k ap eseye angaje yo. Reflechi ankò nan ti aktivite ti boul w ap soufle ki dekri anwo a. Yon timoun ki gen ASD ka eksite ak souri lè ou soufle ti boul men li p ap gade ou pou pataje kè kontan an. Yon lòt timoun ka vle ti boul yo pou kontinye, men li ka pa konnen pou endike li vle plis. Epoutan yon lòt timoun ka pito woule oswa vire bokal ti boul la sou tab la. Timoun ki arisk pou ASD ka pase anpil tan "nan monn pa yo" oswa yo

ka angaje nan sèten aktivite anpil fwa, tankou gade video, bati avèk blòk, oswa jwe nan òdinatè. Aktivite sa yo fè sans pou timoun ki gen ASD, epi anjeneral timoun yo pi renmen yo pase aktivite ki pi sosyal. Kòm yon rezulta, timoun yo ka vin espè avèk objè, men yo gen ladrès ki limite anpil pou yo entè-aji avèk moun ak aprann nan men moun.

Gen prèv k ap ogmante ofi-amezi ki montre efikasite entèvansyon bonè entans avèk yon pwopòsyon enpòtan jèn timoun ki gen ASD. Rechèch yo fè endike entèvansyon ki kòmanse anvan laj 3 zan gen yon pi gwo enpak pase apre laj 5 kan. Avèk entèvansyon entansif bonè, 70-90% timoun yo etidye te aprann pale epi apeprè 50% te kapab gen siksè nan lekòl matènèl regilye.

### **Èske mwen ta dwe pou swiv yon dyagnostik nan moman sa a?**

Pou jèn tibebe yo, yon dyagnostik ka ede fanmi yo gen aksè nan entèvansyon apwopriye bonè pandan peryòd developman enpòtan pou sipòte aprantisaj la. Lè yon timoun ap rive nan twazyèm anivèsè nesans li, yon dyagnostik ka itil pou li jwenn sèvis apwopriye nan yon pwogram edikasyon espesyal ki baze nan lekòl. Pi bon pratik pou dyagnostik ASD sijere evalyasyon yon ekip milti-disiplinè ki gen ladan yon sikològ ak patolojis pwononsyasyon-langaj ki gen eksperyans nan travay avèk jèn timoun ki gen ASD, epi li ka gen ladan yon doktè, yon espesyalis égoterapi, edikatè timoun piti, travayè sosyal, ak lòt pwofesyonèl, jan sa apwopriye.

### **Avèk kisa entèvansyon bonè sanble pou jèn timoun yo?**

Premye etap nan entèvansyon bonè se pou fè yon evalyasyon devlopmantal pou idantifye pwen fò ak defi yon timoun. Answit, fanmi an ak pwofesyonèl yo ap idantifye objektif yo dwe reyalize nan entèvansyon bonè a. Entèvansyon bonè kapab kòmanse depi nan sesyon chak semèn pou rive nan sesyon chak jou, epi li ka fèt pou timoun apa oswa angwoup avèk lòt timoun. Avèk timoun ki jèn anpil, fanmi an jwe yon wòl aktif nan sesyon yo, epi li aprann estrateji pou sipòte developman pitit yo. Anjeneral, aktivite ak estrateji yo itilize yo baze sou fason timoun yo devlope anjeneral, epi poutèt sa, yo bay avantaj pou ankouraje aprantisaj la avèk nenpòt timoun. Yo ta dwe kontwole pwogrè timoun nan pandan entèvansyon an pou detèmine si pitit ou jwenn avantaj, epitou yo ta dwe fè kèk chanjman nan estrateji yo jan li nesesè. Entèvansyon bonè ap ankouraje entè-aksyon sosyal pozitif ak nan komunikasyon ant oumenm ak pitit ou.

